



## HAKEKAT IBADAH SHALAT

### Khutbah Pertama

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَنْعَمَ عَلَيْنَا بِنِعْمَةِ الْإِيمَانِ وَالْإِسْلَامِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمُنْفَرِدُ بِالْكَمَالِ وَالْبَقَاءِ وَالذَّوَامِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَشْرَفَ مُرْسَلٍ وَأَفْضَلَ إِمَامٍ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْأَيِّمَةِ الْأَعْلَامِ مَصَابِيحِ الظَّلَامِ. أَمَا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّفُوا لِلَّهِ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، فَقَدْ قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. أَتْلُ مَا أُوحِيَ إِلَيْكَ مِنَ الْكِتَابِ وَأَقِمِ الصَّلَاةَ ۖ إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ ۗ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ .

### Hadirin Jamaah Jum'ah Rahimakumullah

Upami nitenan kana kautamaan rupi-rupi ibadah ka Allah SWT, tetela pisan yén shalat téh mangrupi ibadah anu pangpentingna sareng pangageungna hikmahna saparantos maca syahadat. Geura mangga lenyepan pidawuh Allah SWT anu kieu unggelna:

أَتْلُ مَا أُوحِيَ إِلَيْكَ مِنَ الْكِتَابِ وَأَقِمِ الصَّلَاةَ ۖ إِنَّ الصَّلَاةَ تَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ ۗ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ ۗ وَاللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَصْنَعُونَ

Hartosna: “Baca ku anjeun (Muhammad) naon-naon anu diwahyukeun ka anjeun tina alkitab (Qur’an) jeung adegkeun shalat. Saestuna ngalakonan shalat téh matak nyegah tina ngalakonan pagawean anu goreng (dosa) jeung anu mungkar (dilarang). Jeung ari dzikir (tegesna eling) ka Allah SWT éta téh ganjaranana panggedéna. Jeung Allah SWT téh Maha uninga kana sakabeh pagawean maraneh.” (Al Ankabut ayat 45)

### Hadirin Jamaah Jum'ah Rahimakumullah

Maksud ieu ayat numutkeun tafsiran sahabat Ibnu Mas’ud jeung Ibnu Abbas RA mah kieu: “Yén shalat anu pangaruhna matak ninggalkeun pagawean anu awon téh nyaéta anu shalatna disarengan ku hate anu khusyu’, hate anu gembleng inget ka Allah SWT, sarta sadar yén manehna keur ngadeuheus ka Allah SWT, bari depe-depe ka Allah SWT, sarta ngaraos yén manehna keur munajat, sarta ditingali ku Allah SWT, Dzat Anu Maha Agung. Sedengkeun shalat anu henteu kitu mah moal matak nimbulkeun pangaruh anu kitu, tukang doraka tetep ngalakonan doraka.

Pidawuh Nabi Muhammad SAW:

مَنْ لَمْ تَنْهَهُ صَلَاتُهُ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ لَمْ يَزِدْ مِنْ اللَّهِ إِلَّا بُعْدًا (رواه الطبرانی)

Hartosna: “Sing saha jalma anu shalatna henteu matak nyegah tina pagawean anu matak dosa jeung mungkar, maka éta jalma téh tambah jauh tina rohmat Allah SWT.” (Riwayat Thobroni)



Ku margi kitu, shalat téh janten tihang Agama. Kuat atawa henteuna nyekel Agama gumantung kana shalatna, sakumaha pidawuh Kangjeng Nabi Muhammad Saw.:

الصَّلَاةُ عِمَادُ الدِّينِ فَمَنْ أَقَامَهَا فَقَدِ أَقَامَ الدِّينَ وَمَنْ تَرَكَهَا فَقَدَ هَدَمَ الدِّينَ . (رواه البيهقي)  
 Hartosna: “Ari shalat téh tihang agama. Saha jalma anu ngalakonan shalat, mangka éta jalma téh nangtungkeun agamana jeung saha jalma ninggalkeun shalat, mangka éta jalma téh ngarugrugkeun agamana.” (H.R Baihaqi)

Malah jaga di akherat ogé anu pangpayunna diparios téh ngeunaan shalat pisan, sakumaha pidawuh Kangjeng Nabi Muhammad SAW:

أَوَّلُ مَا فُتِرَ ضَعَفَ اللَّهُ عَلَى أُمَّتِي الصَّلَاةُ الْخَمْسُ وَأَوَّلُ مَا يَرْفَعُ مِنْ أَعْمَالِهِمُ الصَّلَاةُ الْخَمْسُ وَأَوَّلُ مَا يُسْتَأْنُونَ مِنْ أَعْمَالِهِمُ الصَّلَاةُ الْخَمْسُ . (رواه الحكم)  
 Hartosna: “Anu pangheulana diwajibkeun ku Allah SWT ka umat kaula, nyaéta ngalakonan shalat lima waktu. Amal-amalan umat kaula anu pangheulana diangkat (ka langit), shalat lima waktu. Amal-amalan umat kaula anu pangheulana bakal dipariksa téh nyaéta shalat lima waktu keneh.” (Riwayat Al Hakim)

### Hadirin Jamaah Jum’ah Rahimakumullah

Sajabi ti éta wanci anu eces pisan ngabedakeun antara jalma muslim jeung anu kafir ogé ku ngalakonan shalat, da pagawean sanesna mah ampir sami antara muslim sareng kafir téh.

Ku margi kitu ibadah téh perlu dimumule anu sasae-saena, ulah dilalaworakeun, sanaos repot sakumaha repotna ogé, satungtung sanes darurat mah. Sakumaha pidawuh Nabi SAW:

مِمَّنْ أَمْرٌ مُسْلِمٌ يَحْضُرُهُ صَلَاةٌ مَكْتُوبَةٌ فَيُحْسِنُ وُضُوءَهَا وَخُشُوعَهَا وَرُكُوعَهَا وَرَكَعَهَا إِلَّا كَانَتْ لَهُ كَفَّارَةٌ لِمَا قَبْلَهَا مِنَ الذُّنُوبِ مَا لَمْ يَأْتِ كَبِيرٌ قَوْذَالِكَ الدَّهْرُ كُلُّهُ . (رواه مسلم)

Hartosna: “teu pati-pati aya jalma muslim anu nyanghareupan waktu shalat fardu terus manehna wudu anu sampurna, shalatna bari khusyu’ (hadir hatena sareng Allah SWT), ruku’ jeung sujudna beres, anging éta shalatna téh bakal jadi kafarat (panglebur) kana dosana anu geus kaliwat, satungtung henteu ngalakonan dosa gede (ari dosa gede mah bisa leburna ngan ku tobat anu nasuha/nyumponan pasaratanana). Tah éta kitu téh dina salilana jaman.” (Riwayat Muslim)

Mudah-mudahan urang sadayana tiasa ngalaksanakun sholat anu tiasa janten kifarat/ngalebur kana dosa-dosa urang sadaya ku wudhu anu sampurna, kalayan khusu’ dina ruku, sujud, sareng qolbuna (haténa).

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

**Khutbah Kadua**

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرْنَا بِالذِّكْرِ وَاللَّهِ وَامْتِنَالِ أَوْامِرِ اللَّهِ وَاجْتِنَابِ نَوَاهِيهِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ. آمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقْوَاهُ وَاحْتُكُمُ وَإِيَّايَ عَلَى طَعَةِ اللَّهِ وَطَعَةِ رَسُولِهِ فِي كُلِّ وَقْتٍ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ فِي فَلَسْطِينَ، وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَانصُرْ عِبَادَكَ الْمُؤَجِّدِينَ، وَانصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ، وَ دَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ، وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ . رَبَّنَا أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. رَبَّنَا اتِّفَافِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ .

*Disusun ku Jamal Shidiq, S.Pd.I*

*Dikualuarkeun ku Seksi Bimas Islam Kankemenag Kota Banjar, Jabar  
Panyalas Bahasa ku Imam Hamidi Antassalam*